Pàcc miiy aar ci doomu jangooro ji VIH

Pàcc mi ci VIH (doomu jangooro ci yax sa karaange yaram) mu ngi tëdd ci boole garab yi. Garab yi da niiy soŋ doomi jangooro ci jamono bi miiy jur yenenn ci pacc yaram wi ci fana yi koy aar, deme ni linfosit yi TCD 4 ba yii niiy woowe makrofas.(xol ko ci Infovihtal # 02 pacc yaram yiiy aar)

Naam mën nu rey mu dee vet VIH, da niiy wanni doole lem ba pacc yaram yi mu lal du jur doomi jangooro yu bes yu mën soŋ yeneen ni pacc ci nit ki.

Garab yiiy aar ci doomi jangooro ji VIH yi mën jot nu leen di xajj ci jurum mi narr:

1. Yi nu tuddé inibitër ru proteyass. Day fattë ansiim, proteyass, yax juddu suqu doomi jangooro bu bes ci pacc yi mu lal. Ci noonu yiiy juddu do nu baax.

- Inibitër ru proteyass nooy yi: Aptivus® (tipranavir), Crixivan® (indinavir), Invirase® (saquinavir), Kaletra® (lopinavir+ritonavir), Norvir® (ritonavir), Prezista® (darunavir), Reyataz® (atazanavir), Telzir® (fosamprenavir), Viracept® (nelfinavir).

2. Inibitër ru transkriptass bi juttu niiro ak niklesid/ nikletid. D niiy fexe ba aasiim bi ne ci pacc yaram (linfosit T CD4 ba makrofas) di teeré doomu jangooro bi dug.

- Yi niiro ak niklesid/nikletid yi nooy: Combivir® (AZT+3TC), Emtriva® (FTC), Epivir® (3TC), Kivexa® (abacavir+3TC), Retrovir® (AZT), Trizivir® (abacavir+3TC+AZT), Truvada® (tenofovir+FTC), Videx® (ddI), Viread® (tenofovir), Zerit® (d4T), Ziagen® (ABC) ak garab yu niiro te ubbeku zidovudine y lamivudine Truvada® (amna Sustiva®).

3. Inibitër ru transkriptass bi juttu niiro ak niklesid. Noom tamit da niiy fexe ba transkriptass bi juttu do yëŋu di mottali duggu doomi jangooro bi VIH, wànte deffe ko ci yeneen ni fana yu wutté.

- Yi niiro ak niklesid nooy: Intelence® (etravirina), Sustiva® (efavirenz) y Viramune® (nevirapina). Atripla® amna Sustiva® (y Truvada®).

4. Inibitër dugu bi. Da niiy fexe ba VIH du dugg ci pacc yaram yi (linfosit T CD4 ba makrofas). Da niiy teer VIH mu dug baa di wala pacc yi.

Jëffin nam nàar la:

- Inibitër yi boole: Fuzeon® (T-20).
- Yi jaambarlo ak yiiy naaŋu CCR5: Celsentri® (maraviroc).

5. Inibitër yi ne intekrasa da fattë been ansiim, intekrasa bi, bi xamne mo ki dugul men ay baaxu juddu bu VIH ci diggi pacc yaram bi ni wala. Bu fekke doomu jangooro bi eksiwul ci diggi pacc mi du mën jitte sottekom ay barem ci numiiy wala.

- Isentress® (raltegravir) moom doŋ moo di garab ci naar wi.

Bo bëggé xam ci yan jamono la sotti VIH la naar wu ci garab yi di am njëriñ mën nga jàng InfoVIHtal#07 du wax ci dundug VIH bi.

Pàcc miiy aar ci VIH nu wowe tamit pàccum boole gi ci mbattu español TARGA ci dakkental (pàcc miiy aar ci doomu jangooro ji ci yëŋu yu magg) mu àjo ci boole ñatt ba ci ñeent i garab, sasu ne jël ko ci lu mu tutt tutt ci nàari naar yu bokkul. Pàcc mi gën mooy bu ànd ak yaram ku ne, day am Njëriñ (wanni ak yamale dissaay doomi jangooro bi ba kenn dottu giss), mën di ko dëkku, te ànd ak benn lóore ba di indi tolof tolof ci dundu nit ki ba ci wërguyaram bi. Li pàcc mi gën ci nit ki mën nako bañña ne ci keneen. Lu garab yi gëna bari pàcc di gëna tëddu ci nit ku ne.

Nit kuy dunde ak VIH mën togg dir bu rëy te du soxla fàccu. Pàcc mi mo ngi tambali ngir fekke karaange yaramu nit ki ba xamne day yomb jaangooro yi duggu ka ba mën ka lòor. Ni na nuy xamé yaxute karaange yaram natta ñàtta linfosit TCD4 noo ne ci deret bi ci nattub junnel littar. Bu nekke ci suffu 350 CD4 da niiy diggël nga fàccu. Bu fekké wonni gi bu ci 350 ba 500 CD4 mën tambali pàcc mibu dissayu doomi jangooro maggé ba yeen feebar yi topp jangooro sida fénn. Bu ëppe 500 CD4 du jaar yeen sa nu tambali fàjju mi.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida
Generalitat de Catalunya Departament de Salut Programa de Prevenció i Assistència de la Sida
Ajuntament de Barcelona Àrea d'Acció Social y Ciutadania
Diputació Barcelona Àrea de Benestar Social
Colaboran: ETIS

Tolof tolof yii fénn

Ni garab yepp di def, yiiy aar ci doomi jangooro bi VIH mën ànd ak ay tolof tolof. War lacc sa doktoor ba sa farmasi bi te xareñ ci VIH nu tekkil la yan tolof tolof noo la mën dal ci garab yi ngay jël, ndam yeen sax da niiy wax ne metti wun ba du yàgg, ak yi nga xamne yu metti lan te nga war ko wax doktoor ci un mu gëna gawé.

Dërkiss gi

Dërkiss gi mën na ne sa su doomu janggoro ji VIH di sotte ku ci jamono ji ngay fàjju. Ndam VIH da fa dërkiss ci garab bi, am na yeneen pexé ci yeneen ni garab yi aar ci doomi jangooro bi yu ka mën dakkal. . Waye tam, yeen sa bu dërkiss fénné ci been garab day indi tamit dërkiss ci beneen ci naar wi un bokk, li muy indi mooy wànni pexe fàjju.

Fàttè nattu boolé gi ba ñakka jël ci waxtoom da indi dërkiss. Tax lu am solo la nga tambali fàjju mi ci jamono yi xamne mën nga topp fàjju mi ci waxtu yi ak natta bi. Bu yakaaré ne dey jàffe waxtaan ci ak sa doktoor (xollal InfoVIHtal#46 amiin ni dërkiss yi)

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida
Generalitat de Catalunya Departament de Salut Programa de Prevenció i Assistència de la Sida
Ajuntament de Barcelona Àrea d'Acció Social y Ciutadania
Diputació Barcelona Àrea de Benestar Social
Colaboran: ETIS